# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–22 सितम्बर 2024 भोजपुरी समाचार

अमेरिका, भारत से चोरावल गइल दुइ सौ संतानबे कलाकृतियन के लवटवले क फैसिला कइले हौ। जल्दिये एके भारत ले आवल जाई। एहमें से जियादेतर कलाकृति पूरबी भारत क टेराकोटा से बनल हौ जबकि बाकी पत्थर, धातु, लकड़ी आ हाथी दांत से बनल हौ अउर एहकर सम्बन्ध देस के कई गो हिस्सन से हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एकरे खातिर राष्ट्रपति बाइडेन के धन्यवाद दिहले हवें। श्री मोदी कहलें कि ई समान खाली भारत क इतिहासिक संस्कृति क हिस्से नाहीं हौ बलुक ई ओकरे सभ्यता क आधार हौ।

**********

राज्यपाल आनंदी बेन पटेल आजु जौनपुर के बीरबहादुर सिंह पूर्वांचल विश्वविद्यालय क अट्ठाइसवां दीक्षांत समारोह में विश्वविद्यालयन में सोध क कार बढ़वले पर जोर दहेलिन अउर ढ़ेरि से ढ़ेरि रोजगार परक पढ़ाई सुरू करे के कहलिन। उहां के कहलिन कि कउनो लइका पैइस के कमी से स्कूल जाए से नाही छुटे के चाहि। समारोह में प्रदेस क उच्च सिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय आ उच्च सिक्षा राज्य मंत्री रजनी तिवरियों बतौर विशिष्ठ अतिथि मौजूद रहलिनि।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने मिर्जापुर जिला में रोजगार मेला,. ऋण वितरण, टैबलेट अउर स्मार्टफोन वितरण कार्यक्रम में सामिल होइहें अउर कई गो विकास परियोजना क लोकार्पण अउरी सिलान्यास करिहें। जन प्रतिनिधियन के साथे बइठकी के बाद ऊ विन्धायचल धाम में मॉ विन्ध्यवासिनी के दरसन पूजन करिहें। ओहर गोरखपुर परवास में आजु लगतारे तिसरकों दिन मुख्यमंत्री जनता दरसन कार्यक्रम में लोगिन क समेस्या सुनले अउर ओकरे निस्तारण क निरदेस दिहलें। तीनि दिन में मुख्यमंत्री करीब नौ सौ लोगिन से मिलि के उनकर सुनवाइ कइलें हवे।

**********

नेशनल एलिजिबिलिटी कम एट्रेंस टेस्ट–नीट स्नातकोत्तर परीक्षा दुइ हजार चउबीस बदे काउंसलिंग बिहने से सुरू होई। चिकित्सा सिक्षा एंव प्रसिक्षण महानिदेसालय कार्यालय लखनऊ द्वारा जारी सूचना के मोताबिक सफल अभ्यर्थी बिहने दुपहर बारह बजे से अट्ठाइस सितंबर संझा पांच बजे ले ऑन लाइन पंजीकरण कइ सकेलें अउर पुरहर जनकारी बदे आधिकारिक वेबसाइट **डीजीएमई डॉट यूपी डॉट जीओबी डॉट इन अउर यूपी नीट डॉट जीओबी डॉट इन** देख सेके लें।

**********

केन्द्रीय स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल आजु नई दिल्ली से अमेरिका के न्यूयार्क सहर बदे रवाना हो रहल हइनि। जहां उहां के संयुक्त राष्ट्र सभा में स्वास्थ्य मंत्रालय क प्रतिनिधित्व करबि। ओहवां उहां के रॉकवेल फाउंडेसन के ओरि से आयोजित कार्यक्रम में हिस्सा लेइबि।

**********

शंकराचार्य स्वामी अविमुक्तेश्वरानंद सरस्वती के अगुवाई में आजु अजोध्या में भइल धरम सभा में संत लोगि गो–रक्षा खातिर कानून बनवले क मांगि कइलें। येह दौरान गौ–ध्वजा स्थापना भारत यात्रा क औपचारिक घोसणो कइल गइल।

**********

कानपुर देहात के रनिया औद्योगिक इलाका में भइल अग्निकांड क घटना क दुइ अभियुक्तन के गिरफ्तार कइ लिहल गइल हौ। काल्हि फेक्टरी के तीनि निदेसकन के खिलाफ मोकदिमा दरज कइल गइल रहे। पुलिस के हिसाबि से गद्दा बनावे वाली फेक्टरी में काल्हि सॉर्ट सरकिट से लागल आगि से गैस सिलिण्डिर फाटि गइले से बिस्फोट में फेक्टरी क छत गिर गइल रहे। दुरघटना में तीनि गो मजुरहन क ओहिजुकवें मउति हो गइल रहे जबकि तीनि गो अउरियो इलाज के दौरान दम तूरि दिहलें। आखिरी समाचार मिलले ले चारि गो घाही लोगिन क इलाज करावल जा रहल हौं। पुलिस मामिला के जांचि में जुटलि हौ।

**********

मोदी सरकार अपने तिसरका कार्यकाल के सुरूआती सौ दिन में बुनियादी ढांचा, किसान, मध्यम वर्ग, महिला अउर नौजवानन पर केन्द्रित पनरह लाख करोड़ रूपिया क परियोजना सुरू कइले हौ। सरकार समाज कल्याणो बदे कई गो कदम उठवले हौ। तिरसठ हजार गांव में आदिवासी समुदाय के पांच करोड़ लोगिन क सामाजिक अउर आरथिक स्थिति सुधारे बदे प्रधानमंत्री जनजातीय उन्नत ग्राम अभियान सुरू भइल हौ ओहीं, दिव्यांगन के सरकारी योजना क फायदा देवे बदे दुइ लाख नब्बे हजार से बेसी बिसिस्ट दिव्यांगता पहिचान पत्र जारी कइल गइल हौ।

**********

प्रदेस क नगर विकास अउर उर्जा मंत्री ए.के. शर्मा आजु मऊ जिला में स्वच्छता ही सेवा कार्यक्रम में मौजूद लोगिन के सफाई के सपथ दियउलें। उहां के कहलीं कि हम्मन के कर्तव्य हौ कि गंदगी से सचेत रहत देस के साफ सुथरा अउर विकसित बनावल जाए।

**********